# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–29 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कानपुर क राजकीय इंटर कॉलेज, लाल इमली, चुन्नीगंज में सात सौ पैंतालीस करोड़ क कई गो विकास परियोजना क लोकारपण अउर नेइ धइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री एक हजार से बेसी नौजवानन के नियुक्ति पत्र, पांच हजार सत्ताइस लाभारथियन के एक सौ एक्यानबे करोड़ क ऋण अउर आठ हजार सत्तासी नौजवानन के टैबलेट अउर स्मार्ट फोनों बंटलें।

अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि समाजवादी पारटी क कारनामा से हर केहू परिचित हौ। पन्ना उलटइहें त काला कारनामा से इनकर इतिहास भरल हौ। समाजवादी पारटी क टोपी लाल बाकिर कारनामा करिया हौ। ई लोगि इतिहास क दोहरा रहल हवें। मुख्यमंत्री योगी कहलें कि उत्तर प्रदेस में डबल इंजन सरकार सुरक्षा, सुसासन अउर विकास क मॉडल दिहले हौ। आप सब क वर्तमान उज्ज्वल अउर भविस्य क नया ओम्मेद के साथे आगे बढ़े, येह भरोसा के साथे डबल इंजन सरकार प्रदेस में कार कै रहलि हौ। दुइ हजार सतरह के पहिले क उत्तर प्रदेस पहिचान बदे मोहताज रहल। अराजकता–गुंडागरदी यूपी क पहिचान बनि चुकल रहल। पीएम मोदी के आवाहन पर जनता दुइ हजार सतरह में प्रदेस में भाजपा के जनादेस दिहलस। साढ़े सात बरिस में प्रदेस लमहर दूरी तय कइलस। विकास, सुसासन, कानून व्यवस्था क मॉडल अब उत्तर प्रदेस तय करे ला।

**********

प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु गोरखपुर में मदन मोहन मालवीय प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय क नौवां दीक्षांत समारोह में सामिल भइलिनि। येह बिच्चे राज्यपाल सलाना इंतिहान में उत्कृष्ट परदरसन करे वाले मेधावियन के स्वर्ण पदक दे के हौसिला बढ़वलीं। दीक्षांत समारोह में एक हजार चारि सौ बासठ छात्रन के उपाधि अउर ओन्नइस टॉपर विद्यार्थियन के बेयालीस पदक दीहल गइल। युवा लोगिन के सम्बोधित करत राज्यपाल कहलिनि कि तकनीकी विश्वविद्यालय पढ़ाई के साथे नौजवानन के इंडस्ट्री के योग्यता के हिसाबि से तइयार करें, जवना से यूनिवर्सिटी से निकरते ऊ अपने प्रतिभा क इस्तेमाल कइ सकें। प्रौद्योगिकी सिक्षा राज्य मंत्री आशीष पटेल कहलें कि छात्र–छात्रा बिहने क भविस्य हवें। मुख्य अतिथि के रूप में इसरो क पूर्व प्रमुख प्रख्यात वैज्ञानिक एस नंबी नारायण कहलें कि आजु इसरो अपने सफलता क झंडा मंगलयान ले गाड़ि दिहले हौ। उहां के छात्रन से अंतरिक्ष क क्षेत्र में कार करे क आवाहन कइलीं।

**********

सरकार संघ लोक सेवा आयोग–यूपीएससी के स्वैच्छिक आधार पर ओम्मेदवारन क पहिचान प्रमाणित करे बदे आधार आधारित सत्यापन क अनुमति दे दिहले हवे। अभ्यर्थी पंजीकरण के समय, परीक्षा अउर भरती के कई फेरा के दौरा ई सत्यापन करा सकिहें। ई फैसिला पूजा खेडकर क अंतरिम ओम्मेदवारी के रद्द कइले अउर फरजी पहिचान देखा के सिविल सेवा परीक्षा में तय संख्या से बेसी कोसिस करे बदे उन्हें भविस्य क सज्जो परीक्षा से बंचित कइले के बाद आइल हौ।

**********

हॉकी क जादूगर मेजर ध्यानचन्द क जयंती अउर राष्ट्रीय खेल दिवस आजु प्रदेस भर में मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर प्रदेस के ढेरि जिलन में खेलि प्रतियोगिता क आयोजन कइ के खेलि जगत में मेजर ध्यानचन्द के उपलब्धियन के यादि कइल जा रहल हौ। येही क्रम में आजु बनारस के बाबू आरएन सिंह स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स में महिला लोगिन क सौ मीटर दौड़ आयोजित भइल, जेहमें प्रीति पाल पहिला, सुनीता पटेल दुसरे जगहि पर रहलिनि। ओहर, अमरोहा में जिला प्रसासन अउर खेल विभाग की ओरि से मेजर ध्यानचन्द खेल स्परधा में हॉकी, लैमन रेस अउर रस्साकसी खेल मैच क आयोजन कइल गइल। गोरखपुर जिला क क्षेत्रीय खेल कार्यालय की ओरि से राष्ट्रीय खेल दिवस पर कई गो प्रतियोगिता क आयोजन कइ के विजेता लोगिन के सम्मानित कइल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो आजु राष्ट्रीय खेल दिवस क प्रदेसवासियन के बधाई दिहले हवें।

**********

डिजिटल इंडिया के बढ़ावा देवे बदे उत्तर–मध्य रेलवे मिर्जापुर रेलवे स्टेसनन पर क्यूआर कोड से भुगतान क सुविधा सुरू कइ दिहले हवे। पीआरओ अमित सिंह बतवलें कि यात्रियन क सुविधा बदे उत्तर–मध्य रेलवे प्रयागराज मण्डल क रेलवे स्टेसनन पर क्यूआर ओड से भुगतान क सुविधा सुरू कइले हौ। रेलवे स्टेसन पर क्यूआर कोड से भुगतान क सुविधा सुरू भहले से यात्रियन के लेनदेन के दौरान होखे वाले समेस्या से मुक्ति मिलीं। सथहीं, डिजिटल इंडिया अभियानों के बढ़ावा मिली।

**********

उप्र जल निगम ग्रामीण क महानिदेसक सीतापुर में ट्रायल के दौरान पानी क टंकी धरासाई भइले के मामिला में अधिसासी अभियंता आलोक पटेल अउर सहायक अभियंता विनोद के मोअत्तल कइ दिहले हवें जबकि जेई के बरखास्त करे क कार्रवाई क आदेस दिहले हवें। येह पूरा मामिला क उच्चस्तरीय जांचि करावल जा रहल हौ। सीतापुर जिला में जल जीवन मिशन की ओरि से विकासखण्ड महोली के चितहला गांव में तीनि करोड़ पचहत्तर लाख रूपिया क लागति से पानी के टंकी बनावल गइल रहल। बीतल अत्तवार के ट्रायल के दौराने भरभरा के करोड़ो क लागति से बनल पानी क टंकी ढहि गइल।

**********